

Kesyon pou poze konsènan lekòl pitit ou a

Ou fè k vini nan peyi a oswa ou pale yon lòt lang ki pa anglè?

Byenveni! Kit ou nan yon Sant byenveni pou fanmi (pou jwenn yon lekòl) oswa w ap vizite nouvo lekòl pitit ou a (pou enskri), poze kesyon sa yo pou konnen si yon lekòl espesifik ta ka bon pou pitit ou a.

Pou Kòmanse

- Jwenn èd nan lang ou pale a: Eske nou ka ban mwen yon entèprèt? Mwen pale Kreyòl.
- Si w bezwen èd pou jwenn yon lekòl:
 - “M ap chèche yon lekòl pou pitit mwen an, ki gen laj (laj) ane.”
 - “Mwen bezwen yon lekòl pou pitit mwen an kounye a—kòman mwen ka enskri?” OSWA “Pitit mwen an ap antre 3-K, pre-K, kindergarten, lekòl presegondè (klas 6yèm ane), oswa lekòl segondè (klas 9yèm ane) otòn sa a oswa otòn pwochen—kòman w ka aplike?”

Sipò nan lang

- Ki sèvis yo ofri pou elèv ki nouvo nan peyi a k ap aprann angle?
- Èske lekòl sa a ofri pwogram pou elèv kontinye aprann lang natifnatal yo, tankou pwogram De Lang (bileng)? Èske lòt elèv/anplwaye lekòl la pale lang mwen/nou an?
- Èske pitit mwen an dwe pran nenpòt egzamen oswa fè lòt evalyasyon avan pou l antre isi a?
- Èske lekòl sa a gen anplwaye bileng ki kapab sipòte elèv yo pou aplike pou lekòl presegondè oswa segondè, epi pou yo ale nan kolèj oswa planifye sa yo fè apre lekòl segondè (yo rele “konseye lekòl”)?

Enfòmasyon sou lekòl la

- Ki distans ki genyen ant lekòl sa a ak lakay mwen? Èske y ap bay pitit mwen an sèvis otobis lekòl?
- Èske lekòl sa a gen pwogram ete? Si wi, kisa pwogram yo ofri epi a ki lè yo fonksyone?
- Èske yo ofri pwogram edikasyon siplemantè apre jounen lekòl la? Si wi, a ki lè yon fonksyone ak konbyen sa koute?
- Konbyen elèv ki gen nan lekòl sa a? Eske gen lòt lekòl nan bilding lekòl sa a? Èske elèv nan lekòl sa a kominike avèk elèv lòt lekòl yo?
- Ki manje lekòl sa a ofri? Èske yo rekòmande inifòm oswa li obligatwa?
- Èske lekòl sa a ede jwenn estaj, mete w nan travay, oswa ede nan lòt eksperyans travay?
- Èske lekòl sa a gen klas avanse? Èske li ofri espò, mizik, ak/oswa lòt bagay andeyò pwogram akademik la?

Sante ak sipò

- Kote mwen dwe ale pou vaksen? Èske ou ka ban m adrès yo, menmsi mwen pa gen asirans sante?
- Èske lekòl sa a ofri sipò pou sante mantal ak sosyal-emosyonèl pitit mwen an atravè anplwaye bileng devwe (yo rele “travayè sosyal”)?
- Ki kalite sèvis sipò lekòl sa a ofri pou fanmi ?
- Ki jan lekòl sa a sipòte elèv ki gen pwoblèm konpòtman?

Kijan pou patisipe ak rete angaje

- Ki pi bon fason pou kontakte lekòl sa a si mwen pa pale angle?
- Ki moun ki enpòtan pou konnen nan lekòl la? Ki moun ki Kowòdonatè paran an?
- Kijan paran/responsab yo ka patisipe nan lekòl sa a?
- Kòman mwen pral jwenn enfòmasyon sou fason pitit mwen an ap travay nan lekòl la?

Satisfè bezwen elèv ak fanmi

Pou elèv ki gen andikap

Tout lekòl Vil Nouyòk akeyi epi sèvi elèv ki gen yon pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP).

- Pitit mwen an gen yon andikap. Kòman pou mwen asire li jwenn sipò ak sèvis apwopriye yo?
- Ki etap pou mande sèvis ak pwogram pou pitit mwen an ki gen bezwen espesyal?
- Ki pwosesis pou fè evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal? Konbyen tan mwen ta dwe atann sa pran?
- Kilè pitit mwen an ap kòmanse resevwa sèvis edikasyon espesyal?
- Pitit mwen an te gen yon IEP nan dènye lekòl li te ye a. Èske n ap bay sèvis sanblab annatandan nouvo tès yo?
- Pitit mwen an te itilize teknoloji asistans avan, ki jan n ap fè aranjman pou sa ankò isi a?

Pou elèv ki gen bezwen mobilite/pou deplase

- Kòman pou mwen konnen si lekòl sa a gen aksè chèz woulant pou timoun ki gen bezwen mobilite?

Pou elèv ki nan lojman tanporè

Si w ap viv nan yon lojman tanporè, tankou nan yon shelter oswa nan menm apatman avèk moun ki pa fanmi imedyat ou, ou ka kalifye pou èd tankou yon MetroCard. Sant byenveni pou fanmi an oswa lekòl ou a kapab eksplike ki èd ou ka jwenn nan sityasyon w lan.

- Kòman pou mwen enskri nan lekòl si m ap viv avèk yon lòt fanmi oswa lòt moun? Ki benefis oswa pwoteksyon nou ka jwenn?
- Kisa k ap pase si nou deplase soti nan katye a oswa nou pa gen yon adrès pèmanan?
- Ki kote mwen ka jwenn èd si mwen menm ak fanmi mwen pa gen yon kote pou nou viv?

Pou fanmi k ap chèche pwogram edikasyon pou debitan ak gadri

- Èske lekòl sa a ofri pwogram pre-K oswa pwogram 3-K? Èske mwen elijib pou m enskri oswa aplike pou Pre-K oswa 3-K gratis oswa pou yon pri ki ba nan yon pwogram ki gen plas pou Jounen ak ane pwolonje oswa Head Start?
- Èske pwogram sa a ofri gadri ak/oswa pwogram edikasyon pou timoun piti (ki gen laj 0-2), epi èske mwen elijib pou m enskri oswa aplike pou gadri gratis oswa a bon mache ki fonksyone pandan tout ane a?

Pou elèv (laj 14-21 ane) ki pa gen ase kredi lekòl dapre laj yo

- Ki opsyon elèv genyen pou diplòm ak gradyasyon nan lekòl sa a?
- Èske lekòl sa a ofri kou apremidi oswa aswè? Si wi, èske klas yo se menm avèk klas pandan lajounen yo? Èske elèv yo ka jwenn yon diplòm lekòl segondè regilye si yo ale nan klas aswè yo?
- Èske lekòl sa a sèvi elèv ki pi gran pou nivo klas yo? Èske ou ka ban mwen enfòmasyon sou lekòl transfè ak nan ki fason yo ka sipòte pitit mwen an?
- Èske lekòl sa a gen pwogram karyè ak edikasyon teknik (CTE)? Si mwen bezwen jwenn travay, ki jan lekòl sa a ka ede m?

Ou bezwen yon lekòl diferan?

Si ou poko enskri epi ou ta renmen jwenn yon lòt lekòl, tanpri pale avèk estaf sant byenveni pou fanmi an sou opsyon ou genyen yo: Ki lòt chwa mwen genyen pou lekòl? Mwen bezwen yon lekòl ki (fè konnen sa ki pi enpòtan pou ou).

T&I 34070 (Haitian Creole)